ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЕ ХЕКIЫПЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№143 (21.801) ● 2010 гъэм шыщхьэIум (августым) и 3, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсенрэ Гаврилов Викторрэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Я зэпыщIэныгъэм зрагъэужь

● Зэгурыуэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэм и Акционер коммерцIэ Хьуманlэ банкымрэ зэрызэдзэлажьэнум теухуа Зэгурыуэныгъэ бадзэуэгъуэм и 30-м зэращIылIащ. КъБР-м и Правительствэм и Унэм абы Iэ щыщIадзащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ УФ-м и ХьуманIэ банкым и Кавказ Ищхьэрэ банкым и унафэщI Гаврилов Викторрэ.

ЗэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм и банк лъэрызекьэхэм купщIафIэу зэрадзлажьэр, а зэпыщIэныгъэхэм дяпэкIи зэрызрагъэужьыну щыкIэр зэгурыуэныгъэм щагъэбелджылащ. Республикэм и экономикэм щрагъэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIхэм ХьуманIэ банкыр жыджэру хэтщ, инвестицIэ проект инхэм, хьэрычэтщIэ IэнатIэ цыкIумрэ курытымрэ мыльку хъарзынэ яухех.

Гаврилов Виктор къыззэрыкигъэщамкIэ, Ставрополь краим и ужьхIэ, Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым и щыналъхьэм ящыщу нэхъ гъэхуауэ, зэпIэзэрыгъ зыдэлажьэр Къэбэрдей-Балъкъэрыращ. Мы зэманым ди республикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм банкым и кредит мыльку сом меларди 9,5-рэ къыщагъэсэбэп. Абы щыщу меларди 5,5-м щIигъур хьэрычэтщIэ IэнатIэ цыкIумрэ курытымрэ я зыужьныгъэм халъхьащ. Илъэс къэс а бжыгъэм сом зы мелардрэ мелуан щитхурэ кьыхохьуэ. УФ-м и ХьуманIэ банкым и Кавказ Ищхьэрэ банкым и унафэщым къыззэрильытэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм нэрылъагIуу зыкъыIэтэж, инвестторхэм щытыкIэ тэмэм къызыхуэзрагъэпэщ хьэрычэт Iуэху цыкIумрэ курытымрэ зэпIэзэрыту зауэж.

- Ди банкым и мурадщ агропромышленнэ, турист-рекреацIэ комплексхэм, псэупIэ-коммуналнэ IэнатIэхэм зегъэужьыным тещIыхьа инвестицIэ проектхэм мыльку хилъхьэну, республикэм и банк Iуэхутхьэбзэхэм я рынокым щигъэзащIэ мыхьэнэм хигъахъуэну, - къигъэлъэгъуащ Гаврилов Виктор. - Къэралым и дэнэ щIыпIи хуэм-хуэмурэ экономикэр щофIэкIуэж, ар инвестицэхэмкIэ дэтIыгъын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ дыззрызэздлэжьну щыкIэр Зэгурыуэныгъэм щыдубзыхуащ. ЩыIуэхэр и пIалъэм кьызэрыдатыжыр, къэрал шэсыпIэхэр зэрыдиIэр къэтпытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ инвестицIэ, лъэпкъ проектхэм мыльку хэтлъхьэр етIанэгъэ сом мелард 15-м зэрынэдгъэсыным догупсыс.

ХьуманIэ банкым и кредитхэр фейдэ пылъу нобэ кьыщагъэсэбэп республикэм и бюджетым хэхъуэрI кьыхуэзыхь IэнатIэ лъэрыкъуэу «Агро-Ком» теплиц комплексым, «БахъсэнБройлер» компаниием, «Тэрч налмэс», «Кавказкабель» заводхэм.

- ХьэрычэтщIэхэм жэрдэм кьыхалъхьэмэ, проект инхэми цыкIуэхми щыхуэ етытыну дихьхьэзырщ, - жиIащ хьэщIэм.

Къанокъуэ Арсен ХьуманIэ банкым и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ къудамэм и унафэщIэхм фIыщIэ яхуищIащ купщIафIэу къаэзрыдзлажьэм папщIэ икIи кьыхичгъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ социальнэ IэнатIэхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжьныкIэ дяпэкIи дэрэгъу къаззрыхуэхъунур зэригуапэр.

МЫСОСТ Алий.

● Дыгъуасэ

Левитин Игорь Къэбэрдей-Балъкъэрым щохьэщIэ

Урысей Федерацэм транспортымкIэ и министр Левитин Игорь дыгъуасэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ КъБР-м къэкIуащ.

АЭРОПОРТЫМ хьащIэ льъапIэр къыщрагъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр,** КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир,** федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Вербицкий Александр,** КъБР-м транспортымкIэ, связымрэ гъэзу хозяйствэмкIэ и министр **Сунш Ануарбий** сымэ.

Левитин Игорь и мурадщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и транспорт инфраструктурэм ехьэлIа щытыкIэм щыгъуазэ зищIыну. Дыгъуасэ ар щыIащ гъуэгухэр щащI щIыпIэ зыбжанэм, абыхэм ящыщу «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзугум Налшык кьалэм кьыпэзыкIухь и Iыхьэм щелжьым.

Левитин Игорь КъБР-м и Правительствэм хэтхэм яIущIэнущ. Абы щытепсэльыхьынущ гъуэгухэм шынагъуэнщагъэ кьыщыззгъэпэщыным, республикэм и транспорт инфраструктурэм зегъэужьыным.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Шэджэм куей

Iэщ гъэхъуныр псом ящхьэщ

Шэджэм районым щыIэ «Шэджэм» АОЭТ-м псынщIэу зызыужь и кьудамэ нэхъыщхьэхэм ящыщу Iэщ гъэхъуныр.

МЫ ЗЭМАНЫМ хозяйствэм Iэщ зэпIэлъхьауэ 800-м щIигъу нIэщи, абы и нэхъыбэр Чернэ Речкэ хьупIэхэм щыIэщ. Гъэмахуэр икIыху гъэшышхуэкIэ зыщыгугъ жэмхэр Шэджэм Ищхьэм щаIыгъщ. Абыхэм кьегъэщIылIащ хьун бэгъуэ зэрыт тафэу гектар 80.

Иджыпсту зы жэмым хуэзэу шэ килограммии 10 - 11 къыщIаш. Дыз зэрыт илъэсым кьриубыдэу абыхэм кьатынуц килограмм 3500-м нэс.

«Шэджэм» Iуэхущ1апIэм илъэс куэд лъандэрэ и унафэщI Шауей Артур зэрыжиIэмкIэ, хозяйствэм и IэнатIэ псори зыхуей хуэзэу гъэлэжьэнымкIэ мыхьэнэ ин иIэщ Iэщ гъэхъуным. Сыту жыпIэмэ, джыдыгъэ псори зэрызэфIагъэкI ахъшэр кьызыпIэкIуэр гъэшымрэ лымрэщ. А тIум я фIыгъэкIэ, гъавэ бэв кьагъэхьыну, мэкъумэш техникэм пкырылъхьэхэр, гъэсыныгъэхэр зэращэхуну Iэмал ягъуэт. Нобэ мы хозяйствэм я мазэ улахуэр сом мини 10 нэхъ икIэ мыхьэу цыху 60-м нэс егъэлажьэ икIи Iэмал егъуэт абыхэм ящыщ дэтхэнэми псэныгъэ и лъэныкъуэкIи защIигъэкъуэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Гъавэ-2010

ЗэуIуу ирагъэкIуэкI

Мэкъумэшыщ1э-фермер хозяйствэхэм Iэщышхуэу 2630-рэ яIэщ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 3,9-кIэ нэхъабзщ. Жэмхэм я бжыгъэм процент 14,2-кIэ, мэлым, бжьым, шым - проценти 3,5-кIэ хэхъуащ. Иджыпсту шыуэ 470-рэ эрахуэ.

ПЩЫУНЭ Эммэ.

● Джэрпэджэж

«Хабзэ хэхахэм» хуэныкъуэкъым

КАВКАЗ ИЩХЬЭРЭМ и республикэхэм щыщ цыхуу нэгъуэщI щыпIэхэм кIуэхэм папщIэ «хабзэ хэхахэр» кьызэгъэпэщыным техуауэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ Швецов Владимир кьыхилъхьаэм мы щыналъэм щыIэ гупЫуехьэр ягъэбэгъуэнущ. Шэшэн Республикэм и Президент Кадыров Рамзан Швецов кьыхилъхьа Iуэхур имыдзу ткIийуэ кьызэрыувам теухуауэ Урысейм Щэнныгъэхэмкlэ и академием Цивилизацэ, щыналъэ къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и Кавказ къудамэм и унафэщI Кисриев Энвер апхуэдэу бадзэуэгъуэм и 30-м жриIащ **REGNUM Хъыбарыщ1эхэр** хьыбарегъащIэ агентствэм.

«Сэ сыт и лъэныкъуэкIи дызоIыгъ Швецов кьыхилъхьам теухуауэ Кадыров Рамзан жиIаэр. Сыт абы кьыщIилъытэр Кавказым и щIыхьэм папщIэ хабзэ щхьэхуэхэр кьыззгъэпэщIипхъэу? Аркъудейр щIыхьэт тохъуэ абы и гупсысэкIэр зыхуэдэм. Кавказым исхэр абы «зэран кьыхуэхъуу» кьыщIэкIынущ къэрал кьулыкъушхуэр ирихьэкIынымкIэ», - кьыхигъэщхьэхурIащ Кисриевым.

«Апхуэдэ Iуэхум фIы лъэпкъ кьрикIуэнукъым, Кавказ Ищхьэрэм щытыкIэр нэхъри щызэIигъэхьэн, гугъуехьэр игъэбэгъуэн фIэкIа», - жиIащ абы.

Фигу кьэдгъэкIыжынщ «хабзэ хэха» кьызэгъэпэщыным теухуауэ Швецов кьыхилъхьар имыдзу Кадыровыр бадзэуэгъуэм и 29-м гуащIэу кьызэрыпсэлъар. «Гугъуехьу щыIэхэм нэсу щыгъуазэ зимыщIу, Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ Швецов Владимир пссэм кьыщIэтащ Кавказым и щыналъэхэм щыпсэу щIалэгъуалэм папщIэ хабзэ хэха гуэрхэр кьызэгъэпэщыным теухуа Iуэхур, - кьыхигъэщащ Кадыровым жиIам. - Швецов Владимир щIэуэ зыпэрыува кьалэнхэм емысауэ, Кавказым и лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ я зэхэтыкIэмрэ нэсу щымыгъуазэу щытыныкIэ хъунщ. Щыналъэм илъэс бжыгъэкIэ ущыпсэуми, лъэкъапIэ пэшым ущIэмыкIыу ахэр пхуэзгъэщIэнукъым. ЕпIэщIэкIыу кьыхалъхьа апхуэдэ чэнджэщ зэмыгупсысахэмрэ яIэжьа Iуэхуэхэмрэщ Кавказым гуэзвэгъуэ кьыщIыщыхьуар».

Лыщхьэхэм зыхуагъазэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм щыIэ тырку колледжыр зэхуащIыж. Абыкlэ мыарэзыуэ адэ-анэхэм я комитетым президент бзэрыщ Сергейрэ премьер-министр Шамбэ Сергейрэ зыхуагъэзащ.***

КОЛЛЕДЖЫМ и къызэгъэпэщакIуэхэм ар зэрызэхуащIыр хэIущIыр щащIащ, абы щеджэнхэр щIэтIысхьа нэхъщ. Щхьэусыгъуэ ящIри мыльку къаэрэмэщIэкIырщ.

Колледжыр 1995 гъэм Абхъазым и япэ президент Вадзинбэ Владиславэ я щIэгъэкъуэну къызэIуахауэ щытащ. Абы щрагъаджэ тырку бзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ.

Хэхэс бзылъхугъэм и дуней

АДЫГЕЙ. ***Хамэ къэрал къинэпхъукIыжу зи лъахъэхъэ зыхуэжьащ я махуэм (репатриантхэм) ирихьэлIэу республикэм и Iэпкъ музейм къышызэIуахащ «Хэхэс бзылъхугъэм и дуней» зыфIаща гъэпсыгъуэныгъэ.***

УТЫКУ кьрахащ хамэщIым кьиэпхъукIыжу и лъахъэм къызэIущIэзэжа адыгэ бзылъхугъэхэм я Iэдакъэщ1экI 75-рэ. Абыхэм ихэтщ 1992 - 1994 гъэхэм лъахэм щетIысэхьжажхэу Щэбэтыкъуэ-Едыдж ФатIимэ, Джатауэ Щукран, Чурмит - Дыгъу Эрсин, МэхуэфI Щэнгул, Мэшхуэфl Байрамхан, Цей Беррин, Шорэ Гулэр сымэ ягъэхьэзыра хьэпшыпI гъэщIэгъуэнхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Гу лъывэдгъэтэну дыхуейщ шыщхьэIум и 25 щIыпIондэ ди газетым Iэ тевдзэмэ, ар фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ нызэрырфхуахьынум.

МазипIым газетым и уасэщ сом 237-рэ кIэпейкIэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.



Ди индексыр 51531

Цыху 34-рэ

УФ-м Къэхъукъащ1э щынагъуэхэмкIэ и министерствэм кьызэритымкIэ, Урысейм и щIыналъэм щыщ щхьэ зэщIэзыщта мафIэм хэкIуэдащ цыху 34-рэ.

Москваи гъуэзыр щхьэщыгъщ, арщхьэкIэ аэропортхэм лэжьэн щагъэтакъым. Псом хуэмыдэу уэгъур щыетащ Сыбырым, Урысей Курытым. Киров областым щежэх Вяткэ псым уефи зыщыбгъэпскIи зэрымыхъунур жаIащ, абы химие ткIуаткIуэ куэдыщэ хэлъэдащи.

Сыт хуэдэу щымытами, блэкIа жэщ-махуэм мафIэсыр щагъэуфIынкIыфащ къэралым и мэхэм я гектар мини 7-м. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхьэнщи, ар мащIэIуэщ.

УФ-м Къэхъукъащ1э щынагъуэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI Степанов Владимир жиIащ щыхухэм мафIэм зэрызыщхьэмэну щIыкIэр тэмэму зэрамыщIэм насыпыншагъэ куэд кьызэрыхэкIыр.

Утыкум икIрэ?

Шэшэн сепаратистхэм я Iэтащхьэ Умаров Доку жиIащи кьулыкъум текIыу.

Апхуэдэ хьыбар кьытащ Британием и телевидением. Экстремистхэм я Iэтащхьэм тегъэщIапIэ ещI и узынщагъэр зэрызэIыхьаи. «Сэ сыхуейщ зи узынщагъэкIи къарукIи си кьалэнхэр зыгъэзэщIэфыну щыхьу си пIэм изгъэувэну, - къыхигъэщхьэхукIащ Умаровым. - Апхуэдэщ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэль Баталов Асльэмбэч».

Ауэ зыкIи дачыхьынукъым

Израильм и правительствэм и унафэщI Нетаньяху зрыжиIамкIэ, а къаралымрэ Палестинэ автономиемрэ я унафэщIхэр мы гъэм и щыщхьэIум зэпсэльынущ лъэныкъуэхэм яку дэль зэхущытыкIэхэр гъэтэмэныным екъэлIауэ.

«Аущ1эбы кьыкIыркьым дэзыгуркIэ дэтчыхыну», - кьыхигъэщхьэхукIащ абы.

Псыхэр мэятэ

Пакистаным кьыщиуа псыдзэхэм псорн зэхэту цыху 500-рэ хэкIуэдащ.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, махуэ зыбжанэкIэ уэщх кьыщешха нужь, зэуэ мы бы кьыщIиащ къэралым и псыежэх зыбжанэ. Абы цIыхухэр хуэхъэзыртэкъым. Пакистаным и жылагъуэ куэдым мылъкукIи хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ.

◆Илъэс 50 и пэкIэ (1960) Нигериер къэрал щхьэхуит хуащ.

◆Илъэс 15 и пэкIэ (1995) «Талибан»ислам зэщIэхъееныгъэм Кандагар (Афганистан) кьалэм Ил-76 урысей кхъухьлъатэр щигъэтIысащ икIи абы иса кхъухьлъатэзехуи 7-р иубыдащ. Ахэр гъэрыпIэ итащ илъэсым щигъэкIэ. 1996 гъэм щыщхьэIум и 16-м экипажым и унафэщI Шарпатов В. И. кхъухьлъатэр кьрихужьэри, урысей цIыхухэр талибхэм кьажIэщIигъэжьащ. Зэрахьа лIыгъэм папщIэ Шарпатовымрэ етIуанэ пилот Хайруллинрэ Урысейм и ЛIыхьужь цIэр фIащащ.

◆Илъэс 215-рэ и пэкIэ (1795) кьызэIуахащ Франджым и еджапIэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ Париж консерваторэр.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1935) кьалъхуащ уэрэджы1акIуэ, СССР-м, Молдовэ Республикэм, Башкортостаным я щIыхьэ артист, Социалист Лъжьыгъэм и ЛIыхьужь, Кишиневм щIыхь зиI э щIыхь **Биешу Марие.**

◆Урысей Iкъуэ, РАН-м и академик, Нобель и сагугъэтым литературэмкIэ и лауреат (1970) **Солженицын Александр** (1918 - 2008) и фэеплъ махуэщ.

◆ Урысей композитор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1995) **Шнитке Альфред** (1934 - 1998) и фэеплъ махуэщ.

Пэлъэнэр ыкъэхъэмрэр **ШIАЛ Мухьэмэд.**

● Лэскэн куей

IэнатIэщIэхэр къыщызэIуах

Аршыдан къуажэм дэт «Ермак» ерыскъы комбинатым и зэфIэкIэм заубгъу.

ХАДЭХЭКIХЭР гъэфIэIуным илъэс зыбжанэ хьуауэ елэжь Iуэхущ1апIэм и IэнатIэхэм мы илъэсыр и кIэм нэмысу кьахэхъуэнущ метр зэбгъуэзэнатIэ мини 4 зи инагъ гъавэ хьуманlэрэ зы махуэм кьриубыдэу гъавэхэмкIэ тонн 200-м нэсым щелэжьыну гъэтгъущынlэрэ. «Ермак»-м и лэжьыгъэр нэсу зэтраубла нэужь, техникэм фIыуэ хэзыщыкI Iэщ1агъэлI 25-м IэнатIэ щагъуэтынущ абы. А псом кьыдэкIуэу, мы щIыпIэм кьыщызэIуахынущ блок лIэужьыгъуэщ1эхэр, плиткэ дахэхэр, ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп нэгъуэщI пкъыгъуэхэр кьыщыщIагъэкIыну цеххэр.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● Узыншагъэ

Дэтхэнэ зыми

Налшык къалэ дэт сабий поликлиникэ №1-р «Урысей узыншагъ» къэрадпсо зэпеуэм хыхьащ. Абы утыку кьрихьащ сабийхэм я узыншагъэр хъумэным, егъэфIэкIуэным теухуауэ зэхигъэува «ГуфIэгъуэ» программэр.

ЗЭПЕУЭР ирегъэкIуэкI УФ-м Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм, абы и лъабжьэ нэхъыщхьэри цIыхур узыншэным къыхуеджэнырщ.

Сабий поликлиникэ №1-р зэпеуэм «ЩIыналъэ проект нэхъыфI», «Медиа-проект нэхъыфI» унэтIыныгъэхэмкIэ хэтынущ. Зэпеуэм зэрыхэтыну тхыльхэр ягъэхьащ www.zdravo-russia.ru. сайтым. Абы хэпльэнущ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэмрэ Социальнэ хъыбархэмкIэ агентствэмрэ я лЫкIуэхэр зыхэт къэпщытакIуэ гупыр. А лэжьыгъэхэр кьаэзрыщыхьуар кьагъэлъэгъуэфынущ а гупым хэтхэм я мызакъуэу, сайтым ихьэ дэтхэнэ зыми, апхуэдэуи абыкIэ Iэ яIэтыниуи хуитщ. Лэжьыгъэ нэхъыфIыр кьыщыхахкIэ, сайтыр кьэзыгъэсэбэпхэм я Iуэху епльыкIэри кьалъытэнущ.

«ГуфIэгъуэ» программэр 2000 гъэм щегъэжьауэ Налшык къалэ и сабий гъэсапIэхэм къыщагъэсэбэп. А зэманым къриубыдэу а программэм тету сабий мин 20-м щIигъум я узыншагъэр ирагъэфIэкIуащ. Абы къыщыгъэлъэгъуахэм тету, узыншагъэм укIэлъыплъыныр дэтхэнэ зым и дежкIи шынагъуэнщэщ, а Iэмалхэр нэхъапэм кьагъэсэбэпауэ, и мыхьэнэр зыхуэдэр, кьрикIуэнур ящIэу щытщ.

ИрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, «ГуфIэгъуэ» программэр кьызэрагъэсэбэпрэ сабий сымаджэхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Iыщхьэхэм зыхуагъазэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм щыIэ тырку колледжыр зэхуащIыж. Абыкlэ мыарэзыуэ адэ-анэхэм я комитетым президент бзэрыщ Сергейрэ премьер-министр Шамбэ Сергейрэ зыхуагъэзащ.***

КОЛЛЕДЖЫМ и къызэгъэпэщакIуэхэм ар зэрызэхуащIыр хэIущIыр щащIащ, абы щеджэнхэр щIэтIысхьа нэхъщ. Щхьэусыгъуэ ящIри мыльку къаэрэмэщIэкIырщ.

Колледжыр 1995 гъэм Абхъазым и япэ президент Вадзинбэ Владиславэ я щIэгъэкъуэну къызэIуахауэ щытащ. Абы щрагъаджэ тырку бзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ.

Хэхэс бзылъхугъэм и дуней

АДЫГЕЙ. ***Хамэ къэрал къинэпхъукIыжу зи лъахъэхъэ зыхуэжьащ я махуэм (репатриантхэм) ирихьэлIэу республикэм и Iэпкъ музейм къышызэIуахащ «Хэхэс бзылъхугъэм и дуней» зыфIаща гъэпсыгъуэныгъэ.***

УТЫКУ кьрахащ хамэщIым кьиэпхъукIыжу и лъахъэм къызэIущIэзэжа адыгэ бзылъхугъэхэм я Iэдакъэщ1экI 75-рэ. Абыхэм ихэтщ 1992 - 1994 гъэхэм лъахэм щетIысэхьжажхэу Щэбэтыкъуэ-Едыдж ФатIимэ, Джатауэ Щукран, Чурмит - Дыгъу Эрсин, МэхуэфI Щэнгул, Мэшхуэфl Байрамхан, Цей Беррин, Шорэ Гулэр сымэ ягъэхьэзыра хьэпшыпI гъэщIэгъуэнхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуэмылэр гъуэгум щыхьэтъэктым.

● Май куей

Иджыри зы зыгъэпсэхупIэ

Май куейм и тхыльэм екъэлIа щIыпIэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщи «Пушкиным и жыгеир».

НЫБЖЬЫЩIХУЭ зиIэмы жыгым и деж районым ит курыт еджапIэхэм литературэ дерс убгъуахэр щрагъкIуэкI, районым кьакIуэ хьэщIэхэми а щIыпIэм кьыпакIуэкьыркъым. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэ Кавказ Ищхьэрэм щыIэ Хлопонин Александрэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ иджыблагъэ мы щIыпIэр кьыщагъэлъыхьым, куей унафэщIхэм кьалэн щащIащ жыгеим и Iэгъуэблагъэр зыгъэпсэхупIэ щIыпIэ ящIыну. Мы мазхэхэм ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм и ужь ихьащ «Росстрой» ООО-р. Абы текIуэдэну ахьшэр республикэ бюджетым кьыкIэхьащ.

ЖАНХЪУЭТЗуэ.

Iэщ1ыгъэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Гу лъывэдгъэтэну дыхуейщ шыщхьэIум и 25 щIондэ ди газетым Iэ тевдзэмэ, ар фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ нызэрырфхуахьынум.

МазипIым газетым и уасэщ сом 237-рэ кIэпейкIэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м и Президентым и псалъэ.

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен бадзэуэгъуэм и 29-м Бахъсэн къадэм щаІуащ куейм и Нэхъыжьхэм я советхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, жылагъуэ, дин, щыхубз зэгухэныгъэхэм я унафэщІхэм, еджапІэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ я лъыкІуэхэм.

Пэжым и лъабжьэр

● Абы дегъэпІейтей

АБЫ щытепсэльыхьащ иужьрей эманым ди цІыхухэр хуабжьу зыгъэпІейтей къэхъукъащІэм - республикэм и щІэныгъэ зэкІэлыкІуэу щІэнхъаджагъэ хьэлъхъэр зэрыщагъэжьам. Президентым къыхуІуэтащи, зэхьыхьэм щызэпкърахащ ахэр къызыхэкІыу кьалъытэ щхьэусыгъуэхэмрэ лейзехьэхэм я мурад бгъадэкр кьызэпыудыным хуэунэтІауэ лэжьыпхъэхэмрэ.

- Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий иужьу сыщыхуэзам кьалэн къысщащ щыІэшхуэ зиІэ, гъащІэ зылъэгъуа, абы и пІалъэ фІыуэ зыщІэ ди нэхъыжьыфІхэм сеэнджэщыну, нобэ республикэм кьыщыхьухэм, ахэр къызыхэкІыу кьалытэхэм теухуауэ жаІэхэм седэІуэну, я Іуэху епльыкІэхэр ззэгъэщІэну. Щхьэрылажьэ бадзащІэхэм аргуэру я щхьэр кьаІэг - Бахъсэн ГЭС-м хьэгъэщагъэ ин щІаджьащ, хабзэм и хьумакІуэхэм ятоуэ, псэуалъэхэр зыгъэс, цІыху лажьэншэхэр зыгъэшынэ, яукІ. Зэрыщытыращи, «ислъам къабзэм и хьумакІуэ» зыфІэзыщыжа, цІыху сэфэтым икІа лейзехьэхэмрэ абыхэм кьадэщІхэмрэ нэмыкІытагъэ хэлъу жылагъуэм зыпэщІасащ, я лъэпкым зауэ нэрымылъагъу иращІылІауэ, Къбэрдей-Балъкъэрым щытыкІэр щызэІащІэну хущІокъу, - къыхиугъащ Президентым зэІущІэр къыщызэІуихым. - Ди нэгу зэрыщІэкІщи, иужьрей ильэсхэм цІыхухэм я лъэпкъ зэхэщІыкІымрэ диным хуащІ щІэмрэ хэхъуащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыльхъунщи, хабзэфІхэм абыхэм убгъуауэ фащытепсэльыхь, гъэпщІакІуэхэм зэхащІыхьхэр куууэ щызэпкърыфх. Республикэм и щІыналъэм зыщызэзыщыхь лІыукІхэр уафэм къехакъым. Ахэр ди бынщ, къыщыхуар ди унагъэщ, щеджар ди школщ. Лъы зыгъэжахэм къащІэкІуэну щремыгугъ, ауэ шынагъэкІэ е делагъэкІэ зыхашауэ щІэпхъаджагъэ зымылэжьахэр зыщІэгупсысыжу кьагъэзжмэ нэхъыфІщ. ХэмытІасэ щыкІэ, зи бын хутыкуахэм абыкІэ фадэІэпыкъуну фыкьыхуэодж, - кьыхиугъащ республикэм и Унафэщ Іам.

Я пэу псалъэ зрата, Бахъсэн Хъыбарыщ Іхэр ягъэІуурэ, жьакІ итщ узэщІакІуэ зыфІэзыщыжа щхьэхуещхэм республикэм и унафэщІ **Уэтэр Арсен** кьыхэриГъэхуІуамкІэ, и кьудамэм и унафэщІ Іуэтэрыгъэ, щІэпхъаджагъэ хьэльэрэ хьэлъэ дыдэу куейм щалэжьым зэщІыкІыу хэхъуащ. Апхуэдэщ щІыхухэр зэрахьунщІэр, милицэмрэ нэгъуэщІ хабзэхъумэ ІэнатІэхэмрэ я лжьакІуэхэм зэратеуэр, хамэ мылькур Іисраф зэращІыр. КъащІтэмэ, мы гъэм щІыху 14 яхъунщІащ, псэуальэу 22-рэ ягъэсащ, хабзэм и хьумакІуэхэм 16-рэ ятеуащ, 8-р яукІащ. ЩІэпхъаджащІэхэр кьару зэгъэуІуакІэ кьалъхьуэ, профилактикэ лжьыгъэхэр кьызэрагъэпэщ. Нобэ ирихьэлІэу хьунщІаІуи 6-р, Іуэхущапіэхэм лыгъэ езыдзауэ 12, хабзэм и хьумакІуэхэм ятеуахэм ящыщу 9-р кьахутащ, щІыхуи 7 яубыдащ. Мэкъуауэгъэуэбадзэзэгъэуэ мазэхэм кьриубыдэу гранатэдзу 3, автомату 5, кІэрахъуэу 4, кьафабину 3, кьагъауэ Іэмэпсымэ Іэрыщ1у 7 кьытрахащ.

Уэтэр Арсен щхьэхуэу кьытеувыІащ я Іуэхур зэрауэтІым, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, СМИ-м я ІэнатІэхэм, жылагъуэ, дин щІалэгъуалэ зэгухэныгъэхэм зэрадэлажьэ щІыкІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ **Тау Пащыкан** ехьэкІ хэмылъу кьинтьлъэгъауэ ихъэрей эзманым щхьэхуещхэмрэ гъэпщІакІуэхэмрэ куэд зэрыхьуар, абыхэм нобэ хуэфащэ жэуап ямыгъуэтмэ, пщэдей зэрыхэтІэсэнэр.

- Абыхэм я напІэр мыхуалэу щІыр щІыхухэм бгъэдалъхьэ, лъэпкъхэр зыгъэпуд псалъэмакъ мышуэр кьрахьэкІ, леишхуэ зэрахьэ. Республикэм мамыр гъащІэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щытхъэмэну ди мурадмэ, зым хуэдэу дызэкъуэзвэн хуейщ. Нобэрей гугъуехьэр зы махуэм зэтрихьакъым. Къэралым и жылагъуэ-политикэ хуэхэІэр зэрахьэжьа кьыхэщІэ дэкІа зэманым мыхъумыщІагъэ куэд кьэунэхуащ. А псор ди республикэм кьыпхъэмыІэсу къэнакъым, - жиІащ Таум. - Экстремизмэр лъэныкъэ куэду егъэщІ. Нобэ дызыгъэпІейтейр дин экстремизмэм и закъуэкъым. Зи щхьэ Іуэхухэр дэзыгъэкІыну, нэхъапэм «зэрышхыкІыу щыта къэралІэнлъэм» бгъурыІысхьэжьну хущІэкъу къулыкъущІэкъуэхэр мащІэкъым. Абыхэм гъащІэм хэмызэгъа, хуэмыарэзы щІалэгъуалэр, зи акъыл зэрымыубыда ныбжьыщІэхэр тыншу кьагъащІэ, я хьым ираубыдэри, я лъэпкым ІэщэкІэ ирагъэзэуж. Республикэм и дин нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр КъэбэрдейБалъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэдгъэхьами, Пащыкъэщ Іэнас ди зэІущІэхэм накІуэркъым, мэжджьыбзэхэр нэху щыІу зэІуахащи, ЕуящІэхэм я зэхэсыпІэ мэхъу. ЩыІэ хьуа щытыкІэр кьэльытауэ дэтхэнэ зы кьуажэм районым кьыщызэгъэпэщын хуейщ терроризмэм пэщІэтыным хуэунэтІауэ зэпымыууэ лэжьэну комиссэхэр. Бэм я дзыхь кьыщыдагъэзакІэ, мамырыгъэмрэ я щІэныгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ дывгъэхьумэ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэм жиІахэр диІыгъы, республикэм щІыхухэм я хунтыныгъэхэр хьэмэнымкІэ и центрым и унафэщІ **Хьэтэжыкъуэ Валерэ** кьинтьлъэгъауэ ихъэрей эзманым щхьэхуещхэмрэ гъэпщІакІуэхэмрэ куэд зэрыхьуар, абыхэм нобэ хуэфащэ жэуап ямыгъуэтмэ, пщэдей зэрыхэтІэсэнэр.

- Абыхэм я напІэр мыхуалэу щІыр щІыхухэм бгъэдалъхьэ, лъэпкъхэр зыгъэпуд псалъэмакъ мышуэр кьрахьэкІ, леишхуэ зэрахьэ. Республикэм мамыр гъащІэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щытхъэмэну ди мурадмэ, зым хуэдэу дызэкъуэзвэн хуейщ. Нобэрей гугъуехьэр зы махуэм зэтрихьакъым. Къэралым и жылагъуэ-политикэ хуэхэІэр зэрахьэжьа кьыхэщІэ дэкІа зэманым мыхъумыщІагъэ куэд кьэунэхуащ. А псор ди республикэм кьыпхъэмыІэсу къэнакъым, - жиІащ Таум. - Экстремизмэр лъэныкъэ куэду егъэщІ. Нобэ дызыгъэпІейтейр дин экстремизмэм и закъуэкъым. Зи щхьэ Іуэхухэр дэзыгъэкІыну, нэхъапэм «зэрышхыкІыу щыта къэралІэнлъэм» бгъурыІысхьэжьну хущІэкъу къулыкъущІэкъуэхэр мащІэкъым. Абыхэм гъащІэм хэмызэгъа, хуэмыарэзы щІалэгъуалэр, зи акъыл зэрымыубыда ныбжьыщІэхэр тыншу кьагъащІэ, я хьым ираубыдэри, я лъэпкым ІэщэкІэ ирагъэзэуж. Республикэм и дин нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэдгъэхьами, Пащыкъэщ Іэнас ди зэІущІэхэм накІуэркъым, мэжджьыбзэхэр нэху щыІу зэІуахащи, ЕуящІэхэм я зэхэсыпІэ мэхъу. ЩыІэ хьуа щытыкІэр кьэльытауэ дэтхэнэ зы кьуажэм районым кьыщызэгъэпэщын хуейщ терроризмэм пэщІэтыным хуэунэтІауэ зэпымыууэ лэжьэну комиссэхэр. Бэм я дзыхь кьыщыдагъэзакІэ, мамырыгъэмрэ я щІэныгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ дывгъэхьумэ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэм жиІахэр диІыгъы, республикэм щІыхухэм я хунтыныгъэхэр хьэмэнымкІэ и центрым и унафэщІ **Хьэтэжыкъуэ Валерэ** кьинтьлъэгъауэ ихъэрей эзманым щхьэхуещхэмрэ гъэпщІакІуэхэмрэ куэд зэрыхьуар, абыхэм нобэ хуэфащэ жэуап ямыгъуэтмэ, пщэдей зэрыхэтІэсэнэр.

- ЩыІэ хьыбархэр щыхьэт зэрытехьуэщи, властым и органхэм ящыщхэри яхэту, хьэрычэтыщІэ куэдым абыхэм кьуэды ират. ЗэщІэуэзэда щэхэрылажьэхэм ядэщІ щІалэгъуалэм я бжьгъэм хохьуэ. Ар экономикэм, политикэ, лъэпкъ Іуэхуэхэм, гъащІэм и лъэныкъуэ псоми куууэ хьыхьа коррупцэм кьыхокІ. Дэ жьгІэркьым щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэ, министр къулыкъухэр, нэгъуэщІхэри зэдыщІэкІыу ящэу е кьащэхуу, ауэ мылъку кьыщалэжь, щыгъэрахьэ Іуэхущапіэхэм ахьшэ щызэІепамыхьу фІэщыщІыгъуейщ, - жиІащ къэпсэлъам. - Хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я закъуэкІэ щытыкІэм зыпхуеГъэхъуэжьнукъым. Абы кьыхэкІыу цІыхубэрмы Іуэхум кьыхэшэн хуейуэ кьыдольытэ.

Республикэм и щІалэгъуалэм я нэхъыбэр экстремист хуэдэу зыгуэрхэм зэрагъэІум КъБР-м и мусульманхэм я дин Іуэхущапіэм и унафэщІ **Пащыкъэщ Іэнас** жьжьэуи арэзы техьуакъым.

- Ар пэжкъым. Апхуэдэу щыІэхэр куэд хъуркъым, мэзхэми щІэскъым, атІэ дэ кьыддопсэу.

Жэщхэм зыхуейр ялэжьри, махуэм дэ кьытхохьэж. Нобэ ди деж щызэхащІыхьхэм политикэ лъабжьэ зэраІэм шэч гуэри кьытесхьэркъым, кьапщтэмэ, псом япэу ар епхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентыр зэрыщэжьэну пІалъэр зэриухым, - кьигъэтьэгъауащ Пащыкъэщ Іэм. - Лейзехьэхэр зэнэ кьызгдикІыр? Ахэр кьыщыхьуари, щагъэсари, щыпсэури ди унагъуэхэрщ. Къуаншагъэ псори дин Іуэхущапіэхэм щІытралъхьэн щыІэкъым. Тау Пащыкъан кьыхигъэщащ республикэм и Жылагъуэ палатэм и зэІущІэхэм дызэрыхэмытыр. Кьыдэмыджэу дыпим теухуа Іуэхуэхэр ябзри ядыж. Сыт итІанэ дыщІэкІуэнур? Мэжджыгыбжэхэри зэпымыууэ Іуахакъым, а зэманыр блэкІащ, ЖьакІэ зытет, нэмэз зыщІ псори зэрыгъэтехуэ кьыщІрагъэдзыну хэтщ. Ар захуагъэкъым, сыту жьыпІэмэ, экстремистыр ипжІэ мапльэ, кьабзэу зэщІэупсауэ, екІуу зэщыхуэпыкІауэ мазэхэ кьэс кьытхэтщ. Аращ кьэпхутэну щІэгугъури.

Пщыхьэщ Іэнас кьыхигъэщащ терроризмэм пэщІэтыныжьмкІэ комиссэхэр жылагъуэ псоми кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ кьыхалъхьа жэрдэмыр зэрыдиІыгъыр, икІи дин лэжьакІуэхэр абыхэм жыджэру хэтыну зэрыхьэзырыр.

Апхуэдэу я Іуэху епльыкІэхэр кьаІуатэу зэхьыхэм кьыщыпсэльащ Бахъсэн кьалэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **АфІэунэ Лолэ**, Дыгулыбгъуей кьуажэм дэт ешэ курыт еджапІэм и унафэщІ **Аджий Хьэсэн**, Бахъсэн районым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ **Абазэ Анатолэ**, Жэнхъуэкъуэ кьуажэм щыпІэ самоуправленэмкІэ и советым и депутат **Бекъаза Назир**, Бахъсэн куейм и райсИнмам **Емкъуж Анзор**, нэгъэущІхэри.

Абыхэм кьыхагъэщащ езы унагъуэхэм я деж куэд кьызэрыщынэр, я бынхэр жьІэмыдаІуэ зэрыхъур, гъэзгу пхэнж зэрытехьэр кьизымыдзэхэр, уеблэмэ зэхащІыхьхэр щІэзыхъумэхэр мымащІэу зэрыщыІэр.

Бахъсэн кьалэм и цІыхубэхэм я советым и унафэщІ **Бахъсэн Светланэ** зэхуэсахэм я гум кьишхыдыкІами ярейт.

- Лейзехьэхэм ди щІалэхэр яІэщІокІуадэ, анэхэр ягъэгугъуэ. ИгъашІэ ІыландэрэкъоиІуэкІ апхуэдэхэм нэлат ирахыу икІи кьаззэрыщІэмыкІуэнур зыщрамыгъэгъупщэ. Сэ си щІалэ закъуэр хабзэхъумэхэм яхэтщи, пщэдджьыжь кьэс ар лэжьакІуэ щыщІэзгъэкІкІэ си псэр дзапэкІэ сІыгъщ. Ди фІэщ мэхъу хьиІм икІа лейзехьэхэм хуэфащэ жэуап зэрагъэутынур, ди республикэм и Президентымрэ хабзэхъуэ ІэнатІэхэмрэ абы и лъэныкъуэкІэ лжьыпхъэ кьызэрамыгъэнэнур, - жиІащ абы.

Зытепсэльыхьаэр щызэхилъхьжьым, Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ цІыху лажьэншэхэм яль зыгъэжахэмрэ мурад бгъадэкр зи пІалъэхэмрэ щысхьырабгъу зэрамыІэнур, мамыру псэну хуэмэйхэм, щытыкІэр зэІыщІэну щІэхъуэпсхэм нэпльэгъуэ зэрырамытынур.

- Властыр щІыщІэр щІыхубэрщ, зытелжьэн хуейри абыхэм я сэбэп зыхэлъхэщ. ПІалъэкІэ кьытлыкъуэкІа гугъуехьэхэр хуэфащэу кьызэдзнэжьыу республикэм и зыузэщІынигъэм дяпэкІи зэрыпытщэнум шэч кьытесхьэркъым. Ди зэкъуэтыныгъэр къэзэыгъэтІэсхъэну хущІэкъуэм дапщэщи лъэщу жэуап ирату кьокІуэкІри, дяпэкІи абы быдзу дытетынщ. Аращ пэжри, зэрыщытын хуейри, - къигъэльэгъауащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым.

АРУАН Алий.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Нэгъабэрей бжыгъэхэм куэдкІэ йофІэкІ

● ЗэІущІэхэр

КъБР-м Транспортымкіэ, связымрэ гъэзгу хозяйствэмкіэ и министерствэм и коллегием и зэІущІэ зыугъуам щызэпкърахащ япэ ильэс ныкъуэм зыхуэнэсахэмрэ кьыкІэтьыкІуэ мазихым кьапэщыт кьалэнхэмрэ.

МИНИСТР**Сунш Ануарбий** зэрыжиІамкІэ, зи гугъу тщы зэманым кьриубыдэу псоми я зэхуэдэу кьагъэсэбэп автомобиль гъэзгуэхэм сом мелуан 481,9-рэ и уасэ лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфІэкІам процент 16,5-кІэ щІегъу. Пащыкъ кьалэм кьызэзыкІуэ федеральнэ автомобиль гъэзгум сом мелуан 219-рэ и уасэ лэжьыгъэ щызэфІагъэкІащ. Абы и километр 413-м, 422-м хуэзэу сом мелуан 36,9-рэ и уасэ ремонт лэжьыгъэхэр щрагъэкІащ, Аруан - Мытулу гъэзгум и 32-нэ километрым деж щыІэ лъэныжьыр кьызыхуэзыншэу зэрагъэпэщыжащ. Федеральнэ мыхьэнэ зиІэ гъэзгум зэхьэным сом мелуан 57,4-рэ кьыщагъэсэбэпащ.

Псоми кьагъэсэбэп щІыналъэ гъэзгуэм ящыщу километр 35-м щІигъу сыт и лъэныкъуэкІи кьызыхуэзтынщэу ззэдгъэпэщжащ, едгъэфІэкІуащ.

- 2002 - 2010 гъэм Урысейм и транспорт Іэнатіэм зэрызэпуэкьынур» федеральнэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, Бабугент - Булунгу автомобиль гъэзгуэм делэжьащ, 2008 - 2012 гъэхэм тещІыхьа «Урысей Ипщэ» ФЦП-м ипкъ иткІэ, Нартсанэ - Нарзанышсхэм я Ауэ - Джылы-Су - Іуащхьэмахуэ гъэзгу километр 19,05-рэ тщІыри, абы и яІэ тхэуэ мэхъуэм и кІэм тІыдж. ЩІыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэзгуэхэр зехьэным сом мелуан 47,8-рэ хуэхтащ. 2002 - 2009 гъэхэм кьриубыдэу кредитор щыхуэу тхуэзэтрихьа сом мелуани 113,8-м щыщу мелуан 41,3-р зыштедгъэкІыжащ, - кьигъэльэгъуащ министрым. - Проект-сметэ тхьыпхэр зэфІыхьэмэ (щыщхьэлъм хьэзыр хьунущ), Нартсанэ - Нарзанышсхэм я Ауэ - Джылы-Су - Іуащхьэмахуэ автомобиль гъэзгуэр тщІыным пытщэнущ, Нартсанэ - Нарзанышсхэм я Ауэ - Іуащхьэмахуэ гъэзгуэр зздгъэпэщыжнущ. Мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м КъБР-м и Правительствэм кьыдигъэкІа Жнафэмкіэ, сом мелуан 65-рэ хьу субсидиехэр кьалэхэмрэ йхъажьэмрэ ятедгуэшащ. Зэраубзыхуам тету, абыкІэ жылагъуэхэм уэрам гъэзгуэ километри 127-рэ зыхуей хуаръэзэнущ.

Къэпсэльам зэрыжиІамкІэ, мазихым цІыхухэм транспорт Іуэхутхьэбзэу сом мелуан 963,6-рэ и уасэ хуащІащ. Псоми кьагъэсэбэп автомобиль транспорткІэ цІыху мелуан 30 кьрашэкІащ, ауэ токкІэ лажьэхэм я зэфІэкІым кІэрыхуащ, абыхэм я Іуэхутхьэбзэр кьызэгъэсэбэпар мелуани 2,1-рэщ. Автомобиль транспорткІэ хьэлъэу тонн зы мелуанрэ щитхуэрэ ягъэІэпэхьащ, Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 7-кІэ нэхъыбэщ. Уэгу транспортым и Іуэхури зэгъэуовэж. Илъэс ныкъуэм ирыдыдэу абыкІэ цІыху мин 33,6-рэ кьрашэкІащ. А Іуэхутхьэбзэхэр ягъэзащІэ «Саратов и авиалиниехэр», «РУСЛАЙН» компаниехэм.

Гъущ1 гъэзгу станцыщІэ и кьадэнхэм пэльэщыркъым. Кьапщтэмэ, нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ мы гъэм абы хьэлъэу щралъхьэр процент 40,5-кІэ, вагону щрагъажьэр процент 16,2-кІэ ягъэмэщІащ.

- Псори зэхэту мазихым связым и ІэнатІэхэм сом зы мелардэрэ мелуан 661,7-рэ и уасэ Іуэхутхьэбзэ зэфІагъэкІащ. Ар ипэ ятта ильэсым зэрыхъуам процент 20,1-кІэ щІегъу. Связым и инфраструктурэм зегъэужьыным капитальнэ хэлъхьэныгъэу сом мелуан 27,6-рэ кьыщагъэсэбэпащ. «Ипщэ телекоммуникацэ компание» ОАО-м мы гъэ гъащІэрэ егъэзащІэ ГТТЬ технологиемкІэ Интернетым и сетым зэрыпащІэ инвестицІэ проектыр. Абы каналым и зэфІэкІым хуэди 5-кІэ щІат щІэр и зэхуэдитІкІэ игъэмэщІащ, - кьыхигъэщащ Сунш Ануарбий. - Налшыкрэ Анзорейрэ зэпыщыжьІэ линиеу километр 48-рэ Къубэ-Тэбэ - 11,4-рэ, Тырныауз, Терсколрэ Азауэрэ я зэжьакуэм километр 40 щаукъуэдиящ.

Апхуэдэу министрыр кьызеувыІащ щІыпІэ жьжьхъэхэр кьызэзыІэзыфыдэ связым ди республикэм зэрызыщиужь щІыкІэм. Кьапщтэмэ, «Вымпелком» ОАО-м и щІыналъэ къудамэм зэзыгъэуІу (базовэ) станцыщІэхэр иухуащ, иджы «Билайн» сетым и Іуэхутхьэбзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я процент 98-м щыгъуэм ялъыІэс. «Мегафон» ОАО-ми зэзыгъэуІу станцыщІэхэр кьызэІуихащ, Прохладнэ кьалэм щиІэмрэ Налшык щигъэлажьэ коммутаторымрэ я лъэщагъым хигъэхъащ.

Пощт Іуэхутхьэбзэу сом мелуани 145,9-рэ и уасэ ящІащ, Налшык ЕтІуанэ Таман дивизиэм и цІэр зезыхъэ узрамым тет и кьудамэмрэ Прохладнэ кьалэм дэхэм ящыщ зырэегугъуу зэрагъэпэщыжащ.

Сунш Ануарбий щхьэхуэу и гугъу ищІащ гъэзгуэм шынагъэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным, гъущІ гъэзгу транспортым и лжьыгъэр егъэфІэкІуэным, узрам гъэзгуэр зыхуей хуэгъэззэным, республикэм и унафэщым и пщэрырытхэр гъэззащІэным, щыщІэныгъэхэр кьызэнэкІыным, нэгъэущІхэми ятеухуауэ кьапэщытхэм.

Министрым жиІахэм дыщІагъужу зэхьхьэм кьыщыпсэльащ ары и кьудэзэ **Харченкэ Юрэ** , «Кавказ Ищхьэрэ» гъэзгу управленэ» ФГУ-м и щІыналъэ кьудамэм и Іэтащхьэ **Бырхьэм Хьэмидбий**, «Эльбрус-Авиа» ФГУП-м и гъэззащІакІуэ унафэщІ **Пэнжокьуэ Руслан**, «ЮТК» ОАО-м и кьудамэм и тхьэмадэм и кьудэзэ **Щауей Хьэсэн**, Налшык и интермодальнэ транспорт центрым и нэхъыжь **Холаев Лэкъымэн** сымэ.

Зытепсэльыхьыхэм ятеухуа унафэ кьащта нэужь, КъБР-м транспортымкІэ, связымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Мокаев Сергей** кьытеувыІащ транспортым шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным хуэгъэзащэ зэлэжьхъэм. Абы зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ 2009 - 2012 гъэхэм псоми кьагъэсэбэп автомобиль транспортымрэ кьалэ электрическэ транспортымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщащжьыну щыкІэм зэрыщыубзыхуам тету ягъэхьэзыра проектыр зэрыпхагъэкІым. Министерствэр и щІэгъэкъуэну кьызэрагъэпэща «МЧМ Эльбрус» Іуэхущапіэм хьэзыр «Связым и навигацэ системэ зыубгъуам» (ГЛОНАСС-м) и зэфІэкІыр кьинтьлъэгъауэ. Зыхуей Іэмэпсымэхэр кьащжащ, зэрызздэлъэкъунэм теухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІащ.

- ГЛОНАСС-м и спутник навигацэ системэ зиІэ ІэнатІэр жылагъуэ транспортыр зэрызекІуэм, цІыхуэхэр кьызэрыращэкІым, автовокзалхэм я щІытыкІэм кІэлъыплъынущ, апхуэдэу щыщІэныгъэхэр кьихутэнущ. Мы Іуэхущ1эм и кьалэн нэхъыщхьэр гъэзгу техьэ щІыкІэм я шынагъэншагъэр кьызэгъэпэщынырщ, ахэр кьезыщхькІэр я пщэрыльхъэм зэхъуэлІэр зэгъэщІэныр, абыхэм я лжьыгъэр хабзэ хэхам тету зэкІэтьыгъэкІуэнырщ, - кьыхигъэщащ Мокаев Сергей.

Апхуэдэу зэжьыхьэм щедэІуащ 2008 - 2010 гъэхэм пъэныкъуэхэм улахуэмкІэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэр зэрагъэзащІэм тёхуауэ авт омобиль транспортымрэ гъэзгу хозяйствэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Головатенкэ Аннэ** жиІахэм.

Зэ1ущІэм хэтащ Федеральнэ гъэзгу агентствэм и Кавказ Ищхьэрэ автомобиль гъэзгуэхэм я Управленэм и унафэщІ **Макиев Гайозэр** ФДА-м автомобиль гъэзгуэр кьэгъэсэбэпынымрэ зехьэнымкІэ и Іуэхущапіэм и Іэтащхьэ **Астахов Игорр** .

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Жэрдэм

Іуащхьэмахуэ щыгум

Урысейм и Пенсэ фондым и лэжьакІуэ гуп Европэм и щыгу нэхъ льагэ Іуащхьэмахуэ дэкІащ. УФ-м и Пенсэ фондым и Іуэхущапіэм КъБР-м щыІэм Іуащхьэмахуэ къаІэ щІэ «Социум» еджапІэ-методикэ центрым ахэр кьыщрагъэблагъэжащ.

А ІУЭХУГЪУЭР ирагъэкІащ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр кьызэрызэрагъэпэщрэ ильэс 20 зэрырикъум и щыхькІэ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпІэныр кьызыхэкІари Пенсэ фондым и Іуэхущапіэу республикэм щыІэр кьэралым щынэхъыфІхэм зэращыщырщ. Апхуэдэуи я мурадщ ПФР-м и лжьыгъэм и унэтІыныгъэхэм тёхуа семинар-зэІущІэ ирагъэкІуэну.

Правленэм и тхьэмадэм и кьуэдзэр, Урысей Пенсэ фондым и щІыналъэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр, УФ-м и ПФР-м и кьудамэ псоми я лІыкІуэхэр зыхэт, цІыху 50 кьызэщІэзэыубгъэ гупым и мурадт и кьару еплъыкьыну, дэкІуейуэ абы и щыгум ПФР-м и дамыгъэ зытет ныпыр щигъэувынуи, ар къеХъуІащ.

Урысейм и Пенсэ фондым и Іуэхущапіэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Щауэжь Хьэсэнбий** жеІэ:

- СфІэфІу сыхэтащ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ гуапэм. Гупу Іуащхьэмахуэ дыІэрыдэкІар псом япэу Урысейм и Пенсэ фондым - къэралым и социальнэ политикэ Іуэхущапіэ нэхъыщхьэм - зыІэригъэхьа ехъуліэныгъэхэм я дамыгъэщ. Абы кьыдэкІуэу, ар и нэщэнэщ гугъуехьэхэр кьызэнэкІыным, уи щІыуэпсым гурэ псэкІэ гъунэгъу ухуэхъуным, уи зэфІэкІымрэ кьарумрэ зэдынэсыр кьэппщытэным, япэкІэ кІуэтэным уэзрыхъэпабгъэм. Сэ сорапагъ апхуэдэ жэрдэмыр кьыхэзыльхьа гуп зэкъуэтым сазэрыщащым. Зэманыр къемэщІэкІми, гъэзгу махуэ псалъэхэмкІэ дригъэжьэну абы зыкъырригъэхэлІат Урысейм и Пенсэ фондым и правленэм и унафэщІ Дроздов Антон. ФІыщІэ худощІ Іуэхум и кьызэгъэпэщащкІуэ, абы дытезыгъэгушхуэ, Урысейм и Пенсэ фондым и правленэм унафэщІым и кьуэдзэ Гукайло Борис. Тхьэм игъэпсэу и гур зэІуахуэ, гушхуэныгъэ хэлъу гупым хэта дэтхэнэри.

БИТОКЪУ Михаил,
Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІ.

Гъащіэм и Гъэгу мытыншхэр

● Жыжьэ - гъунэгъу

Хэку зауэшхуэр зи нэгу щэкІахэм теплъэгъуэ Іэдэжу ар ягу къинжаш: хэти щыгъуящэжыкІым и адар хэкІуэдауэ тхылъ кьышыуахьа махуэр, хэти иджыри кьыздэсым пщІыхьэпІэу и нэгу щоКІыж «КІэдыкІуакІуэжьыр» гъэу кІуажэм кьыщІхьыхьэрэ, абы и ужькІэ цІыхум здэжэнур ямыщІэу лагьымхэр кьытракІутэу зэрыщытар.

ЗАУЭР кьыщыхъея зэманым си щыпхьуитІыр - Мариерэ Тамарэрэ - егъэ джакІуэу ди Куба кьуажэ дэт школым щылажьэрт. Марие пединститутыр кьынхуэу ІэкІэ-гъэхьыжьхэм яригъэджырт урысыбзэмрэ литературэмрэ, Тамарэ педучилищэм кьыщІэкІа кьудейуэ пщІэдзэ классыр ныІыгъ т. ШкІакІэм егъэджакІуэу щылажьэ щІалэхэр зым яужь адерит ягу зауэм ираджэрт. Тамарэрэ Мариерэ гъаУэ, я нэпІащхьэр кьыстебэгаеуэ кьэнІуэжьыртмахуэ кьэс: «Нобэ Быгу Нану едгъэжьащ, нобэ Бесльэней Амэлий дэкІащ», - жаІэу. ЕгъэджакІуэ щІалэхэр фронтым зэрыкІу эм кьыхэжІыу, бзылъхугъэ егъэджакІуэхэр ягъэ-кьалэнхэм кьыхэхъэрт. Езыхэм фІыуэ зыхамыщІыкІ Іуэхугъуэхэм - противогазым и зэхэзыльхьІэм, фочыр, автоматыр зэрагъаІэм, нэгъэущхэм - сабийхэр Іэмальнышэу хурагъаджэр т, езыхэми зауэ ху эІухэущэхэм зыху агъасэрт.

Зыми зыкьыкІэрагъэхуртэкІыим АфІэунэ ТІулэ и пхьитІми. 1941 гъэм и бжьыхьэм Прохладнэ дежи щІытІми ягъэкІуаэм яхэтащ ахэр. А тІум я лэжьакІэр, я уэрэджьыкІар нобэр кьыздэсым яІуэтэж я ГъусэУ щІытІ щыІа ди кьуажэгъуэм. Махуэ псом щІы щтар белкІэ кьатІурэ кІэнауэм кьыдэзыдза цІыху-хэм пщыхьэщхьэм зыщагъэхуэбзыкну, я щыгъым щагъэгъущіну яІэр щІыунэрт. МафІэ ужьыхьяжам бгъэдэзхэм я гур кьэхуэбзэкырт Мариерэ Тамарэрэ «Катюша» уэрэдыр кьыхадза нэужь. Урысыбзэ зыщІэри зымыщІэри дежьурт абыхэм я уэрэдым.

Зауэм и етІуанэ бжьыхьэр кьэмысу нэмыщІ зэрыпхьуащІуэхэр ди лъахэм кьиткьащ. Школакіуэ цІыкІухэм я зыгъэпсэхугъэт, арщхьакІэ гукъыдэжк зиІэ сабиими балигьми яхэплъагьэрэтэкъым. Хьыбарру кьуажэм дэлъыр зыт: нэмыцэхэр кьокІуэ, кьобларэ, кьэсаш...

Нэм имыльэгъуаеу гъавэ бэв илът губгъуэм, кьрахьэлІэжьыну зыхунэсар хьэмрэ гуэдзымрэт, адреи мафІэ щІадзэурэ кьэзыгъэкІа дыдэхэм ягъэсхыкырт бийм Іэрамыгъэхьэн папщІэ. Мариерэ Тамарэрэ иджы ящІэ хьэмрэ прав ленэм щІэст, колхоз мылъкур кьуажэм зэрыгъэгуэшну щыкІэр кьэзыбжьхэм, зыитхэм ядэІэпыкьуу. Район унафэщІэр ди кьуажэрт абы щыгъуэ здэщыІэри, абыхэм загъэхьэзырырт пар тизану дэкІыну. «Дэри дызДэфэш», - жаІэри лъэІуат си щыпхьуитІыр, арщхьакІэ щыуэ ткьуэу текъуэ тупым зыхагъэхьауэ щытакъым.

- ЩыщхьэІум и 13-м, партизанхэри дэкІуэу, дэ зэщыпхьуитІыр дыздамышауэу унэмсыщхьэкри, Марие мыгъуэр пэшым щІэст и закъуэу, нэщхьей дыдэу. Зыри зэхэдмыІэу сыкьыщІэхьижри, щыгъуэгубжэ бжэщхьэІум сытетыхьауэ сыгъэрт си макъыр утІыпщауэ. Си щхьэр си ИтІыМкІэ сІыгъыу сыздэщысым, «Девушка, вы что так плачете?» - жаІэри зыгуэр кьызбгъэдэхэ. Сыкьапльэмэ, офицер лІышхэу щытт. Сыкьэгуэзавэри сыкьышэфІэуващ, итІанэ жеслаш: мыпхуэдэу комсомолым дыхэтщ, дыздэкІуэнур дымышІу дыкьыдэнащ зэщыпхьуитІ

АфІэунэхэ Сэ лим, Тамарэ, Зое сымэ. *1941 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 22*

Марие. *1936 гъэ*

Мэрзей Умарбэч, АфІэунэ Марие, я бынхэу Залымрэ Исмэхьилрэ. *1956 гъэ*

дыхэу, тІури егъэджакІуэу дылажьэу, мис иджы фронтыр мыбдеж къэсащ, нэмыцэхэр кьыдыхьэмэ, дакьелынукьым, - Тамарэ иту кьеГъэкІыж а махуэхэр. - «Сэ иджыпсту къэзгъэзэжьынщ», - жери ефицер дэжьижащ. ЩІэх дыдэуи кьитъэзэжащ сэлэтитІ и гъусэу. «ФынакІэ, училищэм и унафэщІыр кьывэпсэльэнущ», - жери дришэжьащ. АпхуэздэУ дэ дзэм дыкьыхьауэ щытащ, Полковник Калюжнэм гущІэгъу кьытхуиІащ, «нэмыцэхэм кьегъэльн хуейщ мыхэр» жиІат е цІыху ях уримыкьуэт, дауи ирекъуи, зэщыпхъуитІыр зауэлІ дыхъуащ.

Марие медучилищи кьиуахати, апшэм ягъэкІуащ, Тамари ди районсымаджэщым медсестра курсхэм щедэІуати, уІэгъэпхьэу кьащтащ. Арати зэщыпхьуитІыр зэгъуэгу хагъэкІащ Новочеркасск шуудзэ еджапІэм и зауэлІхэм. АпхуэздэУ щыщкьэІум и 13-м 1942 гъэм щалъхуа я кьуажэм, я бжэІуГъэм щытеуваща тІур я зауэ гъуагуанэм. ЕтІуанэ я махуэм абыхэм кьыззэрагъэкІын хуей хьуащ я унэри я кьуажэри. Куба кьуажэкІэм нэмыцэ дзэхэр зэхэуэу гущІэм хэку ащ. Тамарэ зэрыса санитар машинэр кхъэзанэщІэм хуэдэу зэпхэудри, абы илъа ІэнтІэпх, хущхьуэхэр щыгъм ирапльхьэжьын хуей хьуащ. Тамарэ абы иужь итыху, Марие зэрыс штаб машинэр фІэкІуэдащ. АпхуэздэУ зэщыпхьуитІыр зэпІэщІэ хьуащ.

ЯпІэу кьыхуащ ублъэхэм Тамарэ тегьэрт щэхуу цыкІу, и Іэпхэр кІэзыгъэрт шэтехуапІэхэр щипхэкІэ. Зэхэзэрэ кІащхъэ зэрыхуу я, езыри пщын хуей хьурт сэлэт уІэгъэхэр губгъуэм кьрихьну. ЯпІэ уІэгъэхэр, япэ укІыгъэхэр, япэу кьыззэранэкІа кьуажэхэр - Куба, Псыхъурей, Крем-Константиновкэ, ПсыкІэкІэу, Бахьсэненкэ - абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хьыджэбзхэм я гущхьэм дыркьуэу тридзэрт.

Бахьсэн псыкьыр я гъэмахуэм щыхуэм имыльэгъуауэ кьэукъуБеят. Ар кьэкъуалЬэу, толькьуну кьехьырт мывэ абрагъуэхэр игъэджэрэзу. Щым тес сэтэтхэр псым ЗыдрагъэзыкьыгъэІ сэкьатынщ. Іуэ зэпрыкІащ ауэ уІэгъэхэр зэрыль гур псыкУм щынэсым, щыр лъэпрапэри гур уфэрэкІащ. Тамарэ Іэпхъ уэшэпхьуа щхьэкІэ, лъэкІакьым кьыззэфІэувэну, зыгу зрым дэІэпыкьуну Іэмал игьуэтаекьым. Сэлэт щухэр псыпэм кьыхэльадэурэ уІэгъэ псори кьыжакьащ, ауэ хущхьуэхэм-рэуІэгъэтхэхэмрэ псым ихьащ.

Абы щыІэ щуудзэ полкымрэ училищэмрэ зэхагъэхьэжьыну арати, Кировабад кьагъэІэпхьуат училищэм и офицерхэм я бынунагъэзэхэри. Духовой оркестрым и маршым щІэту, курсантхэр сатыру дыхьэрт полкым и хэщІапІэ пщІантІэшхэм. Тамари кьэрт, сатырым хэту. Ар гугъэрт мыбдеж Марие щыхуэзэжьну. Аб декьым абы зыхихащ и цІэр: «Тома! Си щыпхьу цыкІу, упсэущІ» - кІийуэ кьажэрт зауэлІ щыгъинкІэ хуэпа хьыджэбз. Тамарэ и ныбжьэхэр щІэщащ, и нэхэр щ ы у н к І ы ф І ы к І а щ . . . ХьыджэбзитІым зыІэрадзащи магъ, я нэпсхэр сэлэт джанэ текІыкажэм тельалъэу.

А щІыпІэм щыІэу зэщыпхьуитІыр яку ззэжащ я кьуажэм щыщхэу, зауэм и пэкІэ егъэджакІуэу лэжьакъэу Щоджэнщыкіу Іэдэмрэ Кьалмыкъ Льыпэрэ. Куэд дзмыкІыу щІалитІыр зыхэт гупыр фронтым яшауэ щытащ, хьыджэбзхэм я гуэгуэр Подольск хуэкІуэрт.

ЗЫ ИЛЬБЭСКІЭ хэтащ зауэм и мафІэм. АфІэунэхэ Тамарэрэ Мариерэ. Къэбэрдей-Балькъэрым и щІынальэ хуит кьэхъуэжа нэужь, Къэбэрдей-Балькъэрым и Министрхэм я Советым хьыджэбзитІыр зыхэт 882-нэ частым лъэІу тхъиль игъэхьащ ахэр ди щІыпІэм кьагъэкІу зжыну иту. Арати, 1943 гъэм щыщхьэІу мазэм Мариерэ Тамарэрэ щалъхуа кьуажэм кьагъэзэжащ. Марие Куба районым и комсомол организацэм и унафэщІу хахащ, Тамарэ партым и райкомым щыхуэзхэм ящэлэжьэнымкІэ ноКуда-мэм и унафэщІу ягъэуващ. Фронтым щыІут ам хуэдэу, кьуажэм кьащІагъэзэжамэ ауэр кулязжащ Текіуэнышгъэр кьэхьанщ.

Зауэр иуха нэужь си щыпхьуитІри унагъуэ ихьащ. Марие щхьэгубсэу хуэхъащ зауэм майору кьинкІыжа Мэрзей Умарбэч. Абыхэм ящагъэзэжащ щІалитІ, ауэ езы тІум я насып кьихьакьым я щІалэхэм кьащІэхуэра сабийхэр ялъагъуну, япІыну. ЩІалитІым кьащІэхуэращ цыкІуитІ, абы я нэхъыжьыр хьыджэбзщ, анэшхуэм и фэеплъуи Марие фІащьжащ.

Тамарэ орденыбгъэу кьэзыгъэзэжа ефицер, псори дыкьхьикІащ. Адыгэ щІалэм и чэнджэщкІэ маухуитІкІэ тІыгъыну зы ныІ

● Адыгэ лъагъуэжьхэр

Щхьэгуащэрэ Кіыщейрэ

цыкІу къэтщтащ. Хьэпшыпхэр дгъэтІылъу а унэм щыкІыщІэкІам, псэгъэтІыншыгъэу гуэр зыхэсщІэу зысІплъхьащ. ПщІантІэм дэтІум фІэкІа зыри дэстэкьым. Жьызмеи плажьжьэм пхъэ Іэнэ плІимэр щІэтт. Щхьэгъуэр итхьэкъуауэ зыгуэрым зэрелпъым гу щыІыстэт: «Сыт ар? - жьысІэри сеупщІащ. И Іэр здиишямкІэ сыпльэмэ, мэзыльэ джабэ нэкІыр гъэщІэгъэуну дыгъэпсым кусэ-кусэу иріІат.

Кіыфі хъуным иджыри сыхьхтитІ хуэдэ иІэти, ар къэдгъэсэбэпыну мурад тщІащ. Дыкьыдокіри, Іуэгъэрыпльэ щыІэ цыкІум и зы уэрам закъуэмкІэ доунэтІ.

Пхъэм кьыхэщІыкІа унэрыпльэ къуажэр дгъэщІагъуэурэ, къуажапщэм куэд дымыкІуу дыкьэзыІ. Зиэзгъэзэр щыхьщІыгъаз щІыпІэм зды-Іуэуэм, гъэзгур нухащ. Ижьымкіэ, Зиэзгъэр-туристкомплексым и унэшхуэ кьатитІу зэтетыр кьыщыстт.

Псыхъуэм и дахагъэм узыІэпсщэ. Уэздыгъеиж жьыр уарадзэм я зэхуакІу уцыдзатькІэ псыщхуэ ежэхуэм и кьабзагъыр гу лъыботэ. Псым и пэнькьуитІри мэзыльэ задэщ. Дыгъэ кьухьжым и бзийхэр дахэкІейуэ щІыгъджэгъуэ кьыщІэкІа. Псы щхьэкІэ щхьапрыж псы Іэрамэшхуэхэм.

Кьуажэ щІыкІум дыкьыдэмыхьэжу, псы Іуфэм дыІуту дыкьекІуэжащ, псым и тепльэм зэрызэхъуэжьыр гъщІэгъуэн тщыхъащІуэ. Пшащэр зэкъуат унэм дыщеКІуэлІэжьым. «Гъуэзэрпльпъ» кьуажэм щыІэ щыщ Кавказ зауэм и пэ кьихуэу абазэхэхэмрэ убыххэмрэ зэпызыщІэ лъытауэ щэхум зэреджэу щытар. А лъагъуэр иджырей Дыгъэмыс дежь кьыщыщІидзэрт. Бгым кьыщухьэдэхти, Іуэзэрыпльэ кьуажэр здэщыс щІыпІэм кьекІуэлІэрт.

«Щхьэгуащэ» псалъэм кьиКІым теухуауи хьыбар зыбжанэ щІыщІащам теухуауэ епльыкІэ зыбжанэ щыІэщ. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщ зыщ Кавказ зауэм и пэ кьихуэу абазэхэхэмрэ убыххэмрэ зэпызыщІэ лъытауэ щэхум зэреджэу щытар. А лъагъуэр иджырей Дыгъэмыс дежь кьыщыщидзэрт. Бгым кьыщухьэдэхти, Іуэзэрыпльэ кьуажэр здэщыс щІыпІэм кьекІуэлІэрт.

«Щхьэгуащэ» псалъэм кьиКІым теухуауи хьыбар зыбжанэ щІыщІащам теухуауэ епльыкІэ зыбжанэ щІыщІэ. Ауэ, щІэныгъэлІ Мерэтыкъуэ Къасым щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, нэхъ трагьаКІуэ «щыхьэм я гуащэ»-, жьыхуІэ мыхьэнэрщ. ЗэрыжаІэмкІэ, Щхьэгуащэ псыхъуэм и Іэнэтъащхэм щыхь кьэдэщІэу щыІэ ЗэрыжаІэмкІэ, Щхьэгуащэ псыхъуэм и Іэнэтъащхэм щыхь кьэдэщІэу щыІэ щІалэгъуэ ежэхуэм и кьабзагъыр щыгъдакІэхэм щхьапрыж псы Іэрамэшхуэхэм.

Кьуажэ щІыкІум дыкьыдэмыхьэжу, псы Іуфэм дыІуту дыкьекІуэжащ, псым и тепльэм зэрызэхъуэжьыр гъщІэгъуэн тщыхъащІуэ. Пшащэр зэкъуат унэм дыщеКІуэлІэжьым. «Гъуэзэрпльпъ» кьуажэм щыІэ щыщ Кавказ зауэм и пэ кьихуэу абазэхэхэмрэ убыххэмрэ зэпызыщІэ лъытауэ щэхум зэреджэу щытар. А лъагъуэр иджырей Дыгъэмыс дежь кьыщыщІидзэрт. Бгым кьыщухьэдэхти, Іуэзэрыпльэ кьуажэр здэщыс щІыпІэм кьекІуэлІэрт.

«Щхьэгуащэ» псалъэм кьиКІым теухуауи хьыбар зыбжанэ щІыщІащам теухуауэ епльыкІэ зыбжанэ щІыщІэ. Ауэ, щІэныгъэлІ Мерэтыкъуэ Къасым щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, нэхъ трагьаКІуэ «щыхьэм я гуащэ»-, жьыхуІэ мыхьэнэрщ.

●Футбол

«Спартак-Налшыкым» етIуанэ топыр дегъэкI.


Нарубиным ебгъэрыкIуэхэр кьеГъэувыIэ.

Япэ Іыхьэр ехъулIэныгъэкIэ кърахьэлIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Амкар» (Пермь) – 2:1 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Балдзэуэгъуэм и 30-м. Щыху 10000 еплъащ.

Судьяхэр: Гвардис (Калининград), Бульгин (Волгоград), Барабаш (Ставрополь).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Джудович, Васин, Киселков, Леандру, Щаницин (Бикмаев, 72, Голич, 90+1), Гогуэ, Джатэрыв, Концедалов, Дядюн (Гъуэщокъуэ, 79), Сиродзе.

«Амкар»: Нарубин, Черенчиков, Попов, Сираков, Калашников, Гришин (Жеан Карлос, 90), Коломейцев, Новакович, Кнежевич (Жинкэ, 75), Топчу, Кушев.

Топхэр дагъэкIащ: Концедалов, 9 - 1:0, Леандру, 11 - 2:0. Сираков, 74 - 2:1.

Лагъуэ хуащIащ Сиродзе, Попов, Топчу, Калашников.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм и япэ кьеКIуэкIыгъуэм хиубыдэ иужьрей зэIущIэхэр командэхэм мы махуэхэм ирагъэжьуэкIащ.

ЕпщыкIутхуанэ джэгугъуэр кьиззIуэныхэхэм ящыщу Налшык щызэIущIа «Спартак-Налшыкымрэ» Пермь и «Амкар»-мрэ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэр пашэхэм я гупым хэту езыхьэкI налшыкдэсхэмрэ турнир таблицым и кIэух увыпIэхэм щыт хьэщIэхэмрэ я зэIущIэм жыдэкIэу щIидзащ. Я1пэ дыдэ дакъикъхэм щегъэжьауэ «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр иубыдащ икIи гъуэм ебгъэрыкIуэн щIадзащ. Апхуэдэу зэкIэлъхьэужьу «Амкар»-м и гъуащхьэтетыр ягъэунэхуащ Гогуэ, Леандру, Джатэрывэ сымэ, арщхьэкIэ Нарубиныр абыхэм ефIэкIащ.

Пермьдэсхэм я IыныкъуэмкIэ зыщызыгъэбыда хэгъэрейхэр убыдыпIэнщэт икIи кIэ зимыIэ ебгъэрыкIуэныгъэр кьыщыэпаудкIэ хабзэм ебжькъэ хуеI хьурт. Е1энэ дакъикъэр екIуэкIыу Джатэрывэ Къазбэч кьыIэрыхэа топыр гъуащхьэхъумэ зыбжанзэм яблихащ, арщхьэкIэ Топчу абы и лъакъуэм еуэри ебгъэрыкIуэныгъэр кьиГъэвыIащ – штрафной. Топым еуэну къарагъэя дыхьэхыр Концедаловым нэсу тыжащ, Дыдейхэм я джэгугъэ «Амкар»-м и футболистхэр Iэнкун ищIат. ДжэгупIэ губгъуэр хуит яхуэхъуа пэтми, ахэр ебгъэрыкIуэрэтхэм.

ЗIуIэм и я1пэ Іыхьэм и ныкъуэр блэкIа нэужь, зэпэщIэтныгъэр ужьыдащ. И лъныкъуэмкIэ зыщигъэбыда пэтми, «Спартак-Налшыкым» джэгур зэряхуейм хуэдэу иригъэкIуэжIыртэ - хьэщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр закъуэтIакъуэр кьызэпаудуэр контратакэ псынщIэкIэ ипжкIэ кIуатэрт. Абыхэм ящыщ зым Сирадзе гъуэм пэмыжыжьэу топыр кьиГъэрыхащ, арщхьэкIэ гъуащхьауэр зэуа топыр пкъом кьиГъэлъеижащ.

ЕтIуанэ Іыхьэми и пэщIэдзэ дакъикъхэхэми командэхэм жьыдэжрагъэшхуэ кьагъэлъэгъуакъым. Хуэфащэ кIэух зрамыгъэгъуэтыф ебгъэрыкIуэныгъэ зыбжанкIэ зэхьэрхуэрэгъуэхэр зэхъуэжа махьуэмэ бжыгъэм зрагъэхъуэжыну зыми Iэмал яIакъым.

64-нэ дакъикъэр екIуэкIыу «Спартак-Налшыкым» ещанэ топыр дигъэкIыну Iэмальфl кьыхукъуэкIащ. Хэгъэрейхэм я контратакэ псынщIэм хэту налшыкдэсхэм я футболистищ гъуэм пэгъуэгъуэ кьэхъуат. Топыр зыIыгъа Дядюн зыми топыр иритакъым, ауэ езыри Нарубиным Іэщ1экIакъым.

Дакъикъипщ1 хуэдиз дэкIуэу «Амкар»-м и ебгъэрыкIуэныгъэм Сираковыр кьыхьхащ. Губгъуэм и пIанэтэ дыдэм гъуащхьэхъумэхэм даубыда хьэщIэхэм я футболистыр топым лъэщу еуащ. Фредриксон топыр губгъуэм икIыу кьыщыхьури ар кьигъэувыIэну хущIэкъуакъым, арщхьэкIэ Джабуданн и топым и гъуэгур ихьэжри гъуэм дигъэхьащ - 2:1.

Иужьрей зэIущIиплIым щыщу щIым 2:1-уэ щытекIуа «Спартак-Налшыкыр» зэхьэзэхуэм щынэхьыфIхэм я гупым зыщигъэбыдауэ жыпIэ хьунущ. ЕтIуанэ увыпIэм щыту абы кьыкIэлъыкIуэ «Ростов»-р очкоихкIэ кьыкIэроху.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм и я1пэ Іыхьэр зэн кьыхамыгъэщIауэ и кIэм нигъэсащ **«Зенит»**-м. Санкт-Петербург щыIэу ар **2:0**-у и текIуап кьэралым и чемпион Къэзан и **«Рубин»**-м. Турнир таблицэм и етIуанэ увыпIэм щIэбэнащ **«Спартак»**-мрэ **ЦСКА**-мрэ. ЦСКА-м езым и гъуэм дигъэкIыжа топым и фIыгъэкIэ я1пэ ища пIэлъыжхъыжьыфхэм бжыгъэр яхуэхъумакъым – Игнашевич бжыгъэр зэхуэдэ ищIажащ, командэм къэзыгъэзжа Вагнер Лав текIуныгъэ кьахуэзыхьа топыр кьыщIагъуа дакъикъэхэм дигъэкIащ – **1:2. «Локомотив»**-р Мэскуу щыджагуу **«Ростов»**-м **0:1**-уэ кьыхигъэщIащ.

Адрей командэхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: **«Динамо»** (Мэскуу) - **«Крылья Советов»** - (Самарэ) - **1:1**, **«Сэрф»** (Грозный) - **«Алания»** (Владикавказ) – **2:0**, **«Сатурн»** (Мэскуу область) - **«Анжи»** (Мэхъачкъалэ) - **1:0**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкымрэ» Владикавказ щригъэжьауэ кIыхьэ. Щыщхьэм и 8-м ди щIалэхэр Іущ1энущ «Алание»-м.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Премьер-лигэм хэт командэхэм я зэхьэзэхуэм кьрикIуар

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Зенит»	**15**	**12**	**3**	**0**	**25-6**	**39**
2. ЦСКА	**15**	**9**	**3**	**3**	**24-13**	**30**
3. «Рубин»	**15**	**8**	**5**	**2**	**15-5**	**29**
4. «Спартак-Налшык»	**15**	**8**	**4**	**3**	**21-15**	**28**
5. «Ростов»	15	7	1	7	16-22	22
6. «Локомотив»	15	6	4	5	20-15	22
7. «Спартак»	15	5	5	5	20-18	20
8. «Тэрч»	15	5	5	5	15-13	20
9. «Динамо»	15	4	7	4	16-16	19
10. «Томь»	14	5	3	6	17-20	18
11. «Сатурн»	15	4	5	6	11-13	17
12. «Анжи»	15	4	4	7	16-17	16
13. «Алания»	15	4	3	8	15-24	15
14. «Амкар»	15	3	3	9	10-18	12
15. «Крылья Советов»	**15**	**2**	**4**	**9**	**9-23**	**10**
16. «Сибирь»	**14**	**2**	**3**	**9**	**19-31**	**9**

Шыщхьэ1ум екIуэкIыну зэIущIэхэр

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ

ЕпщыкIуханэ джэгугъуэ
Шыщхьэ1ум и 6, мэрем
«Ростов» - «Тэрч» (Грозный)

Шыщхьэ1ум и 7, щэбэт
«Анжи» (Мэхъачкъалэ) - «Амкар» (Пермь)
«Крылья Советов» (Самарэ) - «Локомотив»
«Спартак» - «Зенит» (Санкт-Петербург)

Шыщхьэ1ум и 8, тхьэмахуэ
«Сибирь» - «Сатурн» (Мэскуу область)
«Рубин» (Къэзан) - «Томь»
«Алания» (Владикавказ) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Динамо» (Мэскуу) - ЦСКА

УФ-м и командэ къыхэха
Шыщхьэ1ум и 11, гъубж
Ныбжьэгъугъэ зэIущIэ
Урысей Федерацэ - Болгария

ЕпщыкIуплIанэ джэгугъуэ
Шыщхьэ1ум и 14, щэбэт
«Зенит» - «Динамо»
«Томь» - «Крылья Советов»
«Сатурн» - «Ростов»
«Спартак-Налшык» - «Сибирь»
Шыщхьэ1ум и 15, тхьэмахуэ
ЦСКА - «Анжи»
«Локомотив» - «Спартак»
«Амкар» - «Алания»
«Тэрч» - «Рубин»

ЕпщыкIуинэнэ джэгугъуэ
Шыщхьэ1ум и 20, мэрем
«Ростов» - «Спартак-Налшык»
Шыщхьэ1ум и 21, щэбэт
«Крылья Советов» - «Тэрч»
«Спартак» - «Томь»
«Зенит» - ЦСКА
Шыщхьэ1ум и 22, тхьэмахуэ
«Алания» - «Анжи»
«Сибирь» - «Амкар»
«Динамо» - «Локомотив»
«Рубин» - «Сатурн»

ЕпщыкIубгъуэанэ джэгугъуэ
Шыщхьэ1ум и 28, щэбэт
«Спартак-Налшык» - «Рубин»
«Сатурн» - «Крылья Советов»
«Амкар» - «Ростов»
«Тэрч» - «Спартак»
Шыщхьэ1ум и 29, тхьэмахуэ
ЦСКА - «Алания»
«Локомотив» - «Зенит»
«Анжи» - «Сибирь»
«Томь» - «Динамо»

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Иужьрей дакъикъэхэм къыхагъащIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Амкар» (Пермь) - 1:2 (1:1). Балдзэуэгъуэм и 29-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щыху 700 еплъащ.

Судьяр - Смирнов (Кисловодск).

«Спартак-Налшык»: Антипов (Щоджэн, 46), Кхъуэныхъ, Соблыр, Михеев (Ноччуев, 88), Хьубий (Билаонов, 46), Абазэ (Хьэгъэбанэ, 62), Шалаев, Плий (Мочалин, 46), Амирханов, Маркович (Деяк, 46), Къумыкъу (Голич, 46).

«Амкар»: Синельников (Ершов, 46), Морыганов А., Морыганов К., Морозов, Смирнов, Макагонов (Колпаков, 69), Секретов (Романенкэ, 72), Рудаков (Гадзалов, 38), Гаглоев, Тюкалов (Блынду, 85), Субботин (Андриевский, 46).

Топхэр дагъэкIащ: Тюкалов, 4 - 0:1. Кхъуэныхъ, 42 - 1:1. Тюкалов, 82 - 1:2.

Дагъуэ хуащIащ Тюкаловым, Деяк, Андриевскэм.

ПРОХЛАДНIэ кьалэм щеКIуэкIащ «Спартак-Налшыкымрэ» Пермь и «Амкар»-мрэ я щIалэгъуалэм я зэIущIэр.

Джэгукlэ псынщIэм тету хьэщIэхэм зэпэщIэтыныгъэр ирагъэжьащ. Еплlанэ дакъикъэр екIуэкIыу арат «Спартак-Налшыкыр» кьыхагъащIэ щыхъуам. «Амкар»-м и я1пэ ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым хэту топыр кьызыIэрыхьа Тюкаловыр гъуащхьэхъумэхэм кьапекIуэкIри лъэщу еуащ икIи и командэр я1пэ иригъэщащ.

Налшыкдэсхэр апхуэдэ щIэздзэкIэм хуэмыхьэзыра пэтми, псынщIэу кьыхудагъэкIа топым и лъэр щIидакъым. «Спартак-Налшыкыр» гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ. ХьэщIэхэм я гъуэм зыбжанзэ екIуэлIащ Амирхановыр, Къумыкъур, Хьубийр арщхьэкIэ я лъныкъуэмкIэ зыщызыгъэбыда пермдэсхэм я гъуащхьэхъумэхэм ебгъэрыкIуэныгъэр кьыхэзэпаудырт е гъуащхьэтетым топыр кьищтэрт.

Апхуэдизу ерыщу бжыгъэр зэхуэдэ зыщIыжьну хущIэкъу хэгъэрейхэм я гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъуакъым. Я1пэ Іыхьэм и кIэух дакъикъэхэм «Амкар»-м топ худигъэкIащ Кхъуэныхьым - 1:1.

ЕтIуанэ Іыхьэр командэхэм сакъыпIэу ирагъэкIуэкIащ тIум языр я1пэ ищIэ, ар гъэззкIуэжьигъуей зэрыхъунур фIыуэ абыхэм кьаугъуфIэрт. Налшыкдэсхэр хуэм зэрыхъуар псынщIэу кьагъэсэбэпащ хьэщIэхэм. Нап1эзыпIэм гупышхуэу кьебгъэрыкIуэр дыдейхэм яхуэзтелъыгакъым. Бжыгъэр кьызэIуэзыха Тюкаловым етIуанэ я топыр худигъэкIащ Антиповым и пIэкIэ джэгум кьыкъыха Щоджэным - 1:2.

Кьэнэжа зэманыр хьэщIэхэм я лъныкъуэмкIэ зыщагъэбыдэри, бжыгъэр яхъумащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ апхуэдизкIэ щIалэзэгъуалэ командэхэр зэрызэдэджэгуам: «Сатурн» - «Анжи» - 4:0, «Тэрч» - «Алания» - 0:1, «Зенит» - «Рубин» - 0:2, «Динамо» - «Крылья Советов» - 2:4, «Локомотив» - «Ростов» - 1:2, «Спартак» - ЦСКА - 1:1, «Томь» - «Сибирь» 1:3.

КЪЭХЪУН Бэч.

Гулэжыным и гупыр токIуэ

Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым и махуэм ирихьэлIэу Урысей ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и еджапIэхэм я курсантхэм я гъэмахуэ спартакиадэ екIуэкIащ.

СПАРТАКИАДЭМ х этынухэм «МафIэ мыужьыхьым» де ж пэкIу щрагъэкIуэкIащ, Хэку заузшхуэм хэкIуэда ди лъахэгъу - хэм я фэеплъым удз гъэгъахэр трапльхащ.

Зэпеуэм хэтахэм я зэфэкIыр щагъэ лъэгъуащ спорт лIэужьыгъуи 4-м. Командэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ, 2-нэ рангым и капитан Махьсидэ Анатолэ и фэеплъ зэIэпах Кубокыр ираташ Аруан автомобиль школым, Гулэжын Бесльэн зи унафэщIым, и гъэсэнхэм.

Прохладнэ автомобиль еджапIэм 2-нэ, Налшык дэт техникэ школым ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм щытекIуащ Налшык дэт техникэ школым и курсант Ахмедов И., Аруан автошколэм и гъэсэн Лыкъуэ И. етIуанэщ, Прохладнэ школым и курсант Баранчуков Р. еIуанэщ.

Спортсмен нэхъыфIхэр Урысей ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и Щ1ыхь пхъэбгъуэм кьыщагъэлъэгъуэнущ.

Тхыгъэри сурэтри Урысей ДОСААФ-м и Іуэхущ1апIэм КъБР-м щы1э дзэ-техникэ гъэсэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, подполковник **ГЪУКIЭ Хьэсэнбий** *еIуащ.*

Зэхьэзэхуэм щытекIуа Аруан автомобиль школым и командэрщ.

Зэи тщыгъупщэнкъым

Зэуэзэпсэу дунейм ехьжащ Темрезов Борис Хьэсэн и къуэр. Иджыри ди фIэщ хьурэкъым жьы щIэту, емызэщыжу, лэжьыгъэм хуэрыщу къекIуэкIа ди ныбжьэгъуэр зэрыщымыIэжыр.

Темрезов Борис зи Іэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI ухуакIуэт. Абы куэд хиагъахьащ Тырныауз кьалэмрэ Іуащхьэмахуэ районымрэ зегъужьыным. Ар цIыху пэжт, гуапэт, и Іыхьлыхэм, ныбжьэгъуэм, лжьэгъуэхэм яхуэщабэт, яхуэгуапэт.

Темрезов Борис зэрылIар ди дежкIэ гуауэщхуэщ икIи ар дэ зэи тщыгъупщэнкъым. Дунейм ехыжа ди ныбжьэгъуэм и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ.

И ныбжьэгъуэхэмрэ лэмэгъуэхэмрэ.

●КъБР-м щы1э МВД-м

Уи гъунэгъуэр сакъмэ...

Налшык кьалэ УВД-м Следствэмкlэ и управленэм Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр, Іэщэр зегъэкIуэным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр зэхэзыгъэкI и къудамэм судым иригъэхьахэм ящыщщ Б. теухуа уголовнэ Іуэхуэр.

2009 гъэм и щэкIуэгъуэм Б. и цIыхугъэ К.Б. щIыхуэу сом мин 15 кьыIихащ.

Ар иритыжьи хуейт щыхьэт, 2010 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 20-м, Б. шофер-сатуущу зыдэлажьэ хьэрычэтыщIэ К.А. ейуэ ища щIэкъуэхэкIэхэм кьыщIиха сом мин 12-р щэхуу зыIэщIилубыдэри, Іэхуэм щIэпхъаджагъэ зэрыхэлъым щымыгъуазэ, зи щIыхуэ телъ К.Б. иритыжащ.

Абы иужькIэ, сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 20-м, илэжьа щIэпхъаджагъэм и лъэужьыр игъэкIуэдын мурадкIэ, езым кьигъэсэбэпа ахъшэр фIадыгъуэуэ хуэдэу хабзэхъумэ Іэнатlэхэм захуигъэзэну гукъэкI ищIащ. Зэрылажьэ автомашинэм ису скотчкIэ и жьэр зэтригъэпщIащ, и Іэхэри лъакъуэхэри зэрипхащ. Блэкlэхэм гу залъригъатэри, ар кьатIэтэжащ, «щыхьэти» иIэ хъуащ «лей» кьызэрытехьамкIэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, мэкъуэуэгъуэм и 13-м сыхьэти 2-рэ дакъикъэ 30-м, и мурадхэм пищэу, абы хьыбар нэпцкIэ Налшык кьалэ УВД-м и пльыр Іуэхущ1апIэм зыхуигъэзащ. Абы зэриторхамкIэ, 2010 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 20-м хэтми имыщIэ цIыхуитIым Іэщ1ахащ К.А. ейуэ иIыгъа сом мин 12-р.

Б. ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 160-нэ, 306 статьяхэм я езанэ Іыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьамкIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Пцlым лъакъуэ щIэткъым

Налшык кьалэ УВД-м Следствэмкlэ и управленэм Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр, Іэщэр зегъэкIуэным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр зэхэзыгъэкI и къудамэм судым иригъэхьахэм ящыщщ Б. теухуа уголовнэ Іуэхуэр.

2009 гъэм и щэкIуэгъуэм Б. и цIыхугъэ К.Б. щIыхуэу сом мин 15 кьыIихащ.

Ар иритыжьи хуейт щыхьэт, 2010 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 20-м, Б. шофер-сатуущу зыдэлажьэ хьэрычэтыщIэ К.А. ейуэ ища щIэкъуэхэкIэхэм кьыщIиха сом мин 12-р щэхуу зыIэщIилубыдэри, Іэхуэм щIэпхъаджагъэ зэрыхэлъым щымыгъуазэ, зи щIыхуэ телъ К.Б. иритыжащ.

Абы иужькIэ, сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 20-м, илэжьа щIэпхъаджагъэм и лъэужьыр игъэкIуэдын мурадкIэ, езым кьигъэсэбэпа ахъшэр фIадыгъуэуэ хуэдэу хабзэхъумэ Іэнатlэхэм захуигъэзэну гукъэкI ищIащ. Зэрылажьэ автомашинэм ису скотчкIэ и жьэр зэтригъэпщIащ, и Іэхэри лъакъуэхэри зэрипхащ. Блэкlэхэм гу залъригъатэри, ар кьатIэтэжащ, «щыхьэти» иIэ хъуащ «лей» кьызэрытехьамкIэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, мэкъуэуэгъуэм и 13-м сыхьэти 2-рэ дакъикъэ 30-м, и мурадхэм пищэу, абы хьыбар нэпцкIэ Налшык кьалэ УВД-м и пльыр Іуэхущ1апIэм зыхуигъэзащ. Абы зэриторхамкIэ, 2010 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 20-м хэтми имыщIэ цIыхуитIым Іэщ1ахащ К.А. ейуэ иIыгъа сом мин 12-р.

Б. ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 160-нэ, 306 статьяхэм я езанэ Іыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьамкIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и щIыпIэ щIы1э уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ я кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэхьымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Гедлзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщ1эта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхаэм и псу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ эшыту щытыкъым.
Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынымрэ и щIэ дэтыщ КъБР-м федералыз пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щынымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъаэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.
1905 гъэм щы1а Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIэкIэ щы1э уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджкIыгъуэм елэмэхэхэщ; жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ (1, 2-нэ нап.), Бацэ ФатIимэ (3, 4-нэ нап.) корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ **Ныр Сандрэ, Мэлбахьуэ Анжелэрэ,** *сурэтхэм елэмэхэр* **Къаредэ Элинрэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №2160